


Fig grann mwen



✎ Ursula Natula

✉ Catherine Groenewald

📄 ACE Haiti-University of Notre Dame USA

📄 4

🗨️ krèyol ayisyen ht



Global Storybooks

globalstorybooks.net

Fig grann mwen

✎ Ursula Natula

✉ Catherine Groenewald

📄 ACE Haiti-University of Notre Dame USA



This work is licensed under a Creative Commons


[Attribution 3.0 International License.](https://creativecommons.org/licenses/by/3.0)

<https://creativecommons.org/licenses/by/3.0>







Jaden grann mwen an se bèl bagay, li chaje ak roroli, pitimi, kasav. Men, pi bon nan tout se fig yo. Malgre grann mwen gen anpil pitit pitit, mwen konnen ke se mwen li pi pito. Li fè m vini lakay li toutan. Li rakonte'm ti sekrè li yo men gen yon grenn ladan yo ke li pa janm di'm « se kijan fig li yo mi konsa ».



Pita nan aswè a, manman'm ak papa'm ak grann mwen rele'm. Mwen te konnen poukisa. Jou sa a mwen te dòmi mal paske mwen te konnen ke'm pa tap janm vòlè ankò ni nan men grann mwen ni nan men granmoun mwen yo ni nan men nenpòt ki lòt moun.




Yon jòu, mwen wè yon gwo panyen pay
chita nan solèy lakay granm mwen. Lè m
mande ki sa li ye, li reponn mwen sèlman
"Se panyen majik mwen." Bò kote panyen
an, te gen plizyè fèy bannann ke granm
mwen tap vire tanzantan. Mwen te anvi
konnen sa ki tap pase "Poukisa fèy sa yo,
granm?" Li reponn sèlman "se fèy majik
mwen yo."




Jou apre sa a, se te jòu mache. Granm
mwen leve bonè bonè. Li toujou pran fig
mi ak kasav pou l' al vann nan mache.
Mwen pa ale lakay li jòu sa a. Men, mwen
pat kapab evite ale lakay twò lontan.




Mwen te renmen gade grann mwen, bannann yo, fèy bannann yo ak panyen an. Men, yon jou grann mwen voye'm al fè yon komisyon bò kote manman mwen "Grann, tanpri, kite'm gade sa wap fè.." Li reponn mwen "Pa fè tèt di pitit, fè jan yo di'w la". Mwen pran kouri.



Demen, pandan grann mwen te nan jaden a ap keyi legim, mwen tounen tou dousman anndan kay la pou'm gade fig yo amkò. Prèske tout te fin mi. Mwen pat ka kenbe ankò, mwen pran yon pakèt ki gen kat ladan'l. Pandan map sòti tou dousman nan pòt la, mwen tande grann mwen ap touse deyò. Mwen reyisi kache fig yo anba rad mwen enpi mwen pase devan'l.




Lè'm tounen, grann te chita deyò men
mwen pa te wè ni panyen an ni bannann
yo. "Grann kote panyen an, kote tout
bannann yo enpi kote ..." Li reponn mwen «
yo nan panyen majik mwen! Mwen te desi !



Nan demen, le grann mwen vin wè
manman'm, mwen kouri ale lakay li pou'm
tcheke fig yo ankò. Te gen yon bann nan
yo ki te mi. Mwen chwazi yonn ladan yo
enpi mwen kache li nan rad mwen an. Lè'm
fin kouvri panyen an m'ale deyè kay la
pou'm manje'l byen vit. Mwen poko te
janm manje yon fig sikre konsa anvan.



De jou pita, grann mwen voye'm al chache baton li ki te nan chanm lan. Lè'm louvri pòt la, mwen pran yo gwo lodè fig mi. Panyen majik la te byen kache nan yon kwen chanm nan. Mwen leve'l enpi mwen pran bèl lodè majik la.



Vwa grann mwen fè'm sote "Ki sa wap fè? Fè vit, pote batonm nan." Mwen kouri sòti ak baton an. Grann mande'm "pouki sa wap souri konsa?" se lè sa a ke'm reyalize ke mwen tap souri toujou depi lè mwen te dekouvri panyen majik la.